



Pou Piblikasyon Imedya: 06/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU SIPÒTE TRAVAYÈ YO LÈ LI PWOTEJE ANPLWAYE YO KONT REYINYON POLITIK AK RELIJE OBLIGATWA YO, RANFÒSE KONT VÒL SALÈ YO, AK OGMANTE AVANTAJ POU TRAVAYÈ KI BLESE YO

Lejislasyon (S4982/A6604) entèdi anplwayè yo disipline anplwaye ki chwazi pou yo pa patisipe nan reyinyon sou zafè politik ak zafè relijye

Lejislasyon (S2832-A/A154-A) pral pèmèt pwokirè yo mande sanksyon ki pi sevè kont anplwayè yo ki volè salè sou travayè yo

Lejislasyon (S1161-A/A2034-A) ogmante konpansasyon minimòm chak semèn pou moun ki resevwa avantaj konpansasyon travayè yo

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a yon pake lejislasyon pou sipòte, pwoteje, ak elaji avantaj pou travayè New York yo. Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon (S4982/A6604) pou entèdi anplwayè yo disipline anplwaye ki chwazi pou yo pa patisipe nan reyinyon konsènan opinyon politik oswa relijye anplwayè a. Gouvènè a te siyen lejislasyon (S2832-A/A154-A) pou fè vòl salè yo tounen yon fòm vòl (lasen) epi pèmèt pwokirè yo mande plis sanksyon kriminel kont anplwayè ki volè salè sou travayè yo. Gouvènè a te siyen tou lejislasyon (S1161-A/A2034-A) pou ogmante avantaj minimòm pou konpansasyon travayè yo pou pi byen pwoteje travayè ki gen salè ki ba yo ki blese epi ki pa ka travay.

"Lejislasyon sa a pral ede asire tout Nouyòkè yo resevwa avantaj ak pwoteksyon ki pèmèt yo travay avèk diyite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an pran angajman pou fè eta nou an vin pi bon pou eta pou travayè yo nan nasyon an, epi mwen remèsye moun ki sipòte pwojè lwa yo pou patenarya yo nan misyon nou an pou etabli pwoteksyon ki pi fò ak pi solid isit la nan New York."

Pwokirè Jeneral New York Letitia James te deklare, "Tout moun merite yon espas travay ki an sekirite kote yo trete yo ak diyite ak respè. Lejislasyon k ap adopte jodi a pral ede pwoteje travayè yo atravè eta a, sitou imigran yo ak lòt Nouyòkè vilnerab yo ki souvan pi fasil viktim abi anplwayè yo tankou vòl salè ak diskriminasyon. Apati kounye a, pwokirè yo pral gen zouti yo bezwen pou yo sispann moun ki k ap komèt vòl salè yo ki vòlè plizyè milya dola sou Nouyòkè yo chak ane. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li te adopte mezi enpòtan sa yo, Manm Asanble Cruz, Senatè Breslin, ak tout lòt

ofisyèl eli yo pou lidèchip yo nan patwone lejislasyon sa a, ak patnè nou yo nan travay òganize paske yo defann pwoblèm sa yo san pran souf."

Lejislasyon (S4982/A6604) elaji pwoteksyon libète lapawòl ak konsyans anplwaye a, epitou li entèdi anplwayè yo disipline anplwaye yo ki chwazi pa patisipe nan reyinyon anplwayè a patwone konsènan opinyon anplwayè a sou zafè politik ak relijye.

Lejislasyon (S2832-A/A154-A) ajoute vòl salè nan kalite aktivite ki enkli nan krim vòl la. Lè yo amande kòd penal la, lejislasyon sa a pèmèt pwokirè yo mande sanksyon ki pi sevè kont anplwayè ki vòlè salè sou travayè yo.

Senatè Eta a, Neil Breslin, te deklare, "Vòl salè se youn nan fòm eksplwatasyon travayè ki pi grav yo. Souvan li fè kont kèk nan popilasyon ki pi vilnerab nou yo, tankou imigran san papyè yo ak travayè ki pa gen anpil revni yo. Ajoute vòl salè nan kalite aktivite ki enkli nan krim vòl la se yon etap enpòtan pou asire ke travayè yo resevwa sa yo merite. Mwen bat bavo pou Gouvènè Hochul paske li siyen mezi enpòtan sa a pou vin lwa".

Manm Asanble Catalina Cruz te deklare, "Jodi a make yon moman esansyèl nan batay nou an pou jistis pou Nouyòkè klas travayè yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè Lwa sou Responsablite Vòl Salè (Wage Theft Accountability Act) a an lwa, ak patnè Sena mwen an, Neil Breslin, pou sipò inebranlab li, ak Konsèy Distrik Carpenters la paske yo ede nou mennen batay sa a. Lwa sa a pral ame pwokirè yo ak yon nouvo zouti pwisan pou pouswiv anplwayè ava yo ki vòlè salè, ki pèmèt yo pouswiv akizasyon vòl ak regwoupe ka yo. Yo vòlè apeprè 3.2 milya dola nan salè sou plis pase 2 milyon Nouyòkè chak ane. Pandan ke vòl salè afekte klas Nouyòkè ki gen salè ki ba yo travayè yon fason ki pa pwopòsyonèl, nou tout santi konsekans li yo—soti nan travayè ki afekte dirèkteman yo rive nan biznis ki respekte lalwa yo ki dwe fè fas ak konpetisyon enjis kounye a. Atravè nouvo lwa sa a, n ap voye yon mesaj byen fò: yo p ap tolere vòl salè nan eta nou an. Ansanm, nou kanpe fèm nan angajman nou anvè jistis ak ekite pou chak travayè."

Lejislasyon (S1161-A/A2034-A) ogmante avantaj minimòm pou konpansasyon travayè yo pou pi byen pwoteje travayè ki gen salè ki ba yo ki blese epi ki pa ka travay. Pati lejislasyon sa a bay avantaj minimòm pou andikap pasyèl pèmanan oswa tanporè ki dwe ogmante a 275 dola an 2024, ogmante a 325 dola an 2025, epi ogmante a yon senkyèm nan salè an mwayèn eta a chak semèn an 2026.

Senatè James Sanders Jr. te deklare, "Mwen remèsye klèman Gouvènè Kathy Hochul, Prezidan Komite Asanble sou Travay Latoya Joyner, ak sendika travayè yo ki te rann lwa sa a posib pandan nou fèk sot selebre Fèt Travay la nan Eta New York kote yo te fè premye Parad Fèt Travay la nan Etazini an 1882. Nouvo lwa sa a pral ogmante avantaj andikap konpansasyon travayè yo, epi asire ke yo mete montan ajou alè. Travayè ki blese nan travay la merite tout sipò ki nesèsè nou ka ba yo."

Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Biding ak Konstriksyon Eta New York la, te deklare, "Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon sinifikatif sa an

lwa. Vòl salè se yon pwoblèm ki enkontwoab, sitou nan endistri konstriksyon ki pa sendike a. Lè nou ranfòse penalite kriminèl ki asosye ak aktivite koripsyon sa a, nou kwè nouvo lwa a bay zouti enpòtan pou ede dekouraje pwoblèm vòl salè k ap kontinye a pandan li ajoute yon lòt opsyon aplikasyon lwa pou viktim yo. Metye Konstriksyon an ap toujou goumen nan non travayè sendika yo ak travayè ki pa sendika yo kont kontraktè san eskripil yo k ap chèche eksplwate travayè yo; nou pa ka tan pou nou kontinye travay ak Gouvènè a ak patnè nou yo nan Lejislati a sou pwoblèm ki trè enpòtan sa yo."

Mario Cilento, ki se Prezidan AFL-CIO Eta New York la te deklare, "Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te siyen pou vin lwa twa pati lejislasyon enpòtan ki asire Eta New York trase chemenan nan sa kigen pou wè ak pwoteje dwa travayè yo. Pami nouvo lwa yo genyen lejislasyon ki abòde istwa depi lontan kote anplwayè yo itilize reyinyon ke yo rele 'odyans kaptif' pou enpoze opinyon yo sou desizyon pèsònèl ki gen rapò ak relijyon, swen sante, politik, oswa rantrè nan òganizasyon sivik oswa fratènèl oswa sendika travay. Nouvo lwa sa a pwoteje travayè yo lè li anpeche patwon yo pran aksyon negatif kont anplwaye yo paske yo refize patisipe nan reyinyon sa yo. Nou kontan Gouvènè a te siyen yon lòt lwa ki adrese bezwen travayè ki blese yo. Nouvo lwa a non sèlman bay yon ogmantasyon ki nesesè anpil nan avantaj konpansasyon travayè minimòm lan, men yo pral endekse avantaj la kounye a, sa ki lakòz yo pral trete travayè ki blese yo pi jistis alavni. Epi finalman, Gouvènè Hochul ap voye mesaj byen fò ak klè ke vòl salè se yon krim grav kie yo p ap tolere. Depatman Travay a, fòs lòd yo, ak pwokirè yo pral kounye a gen zouti yo bezwen pou pouswiv anplwayè yo ki volontèman ak entansyonèlman vyole lwa a lè yo manke peye travayè yo. Nou remèsye Gouvènè a, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins, Prezidan Asanble Carl Heastie, ak Majorite Demokratik yo nan tou de chanm yo paske yo priyore pwoteksyon travayè yo."

Vincent Alvarez, ki se Prezidan Konsèy Travay Santral Vil New York (New York City Central Labor Council), AFL-CIO, te deklare. "Pwojè lwa Gouvènè Hochul te siyen pandan Dejene Fèt Travay la maten an reflète angajman li anvè moun k ap travay yo nan vil nou an. Yo bay pwoteksyon enpòtan pou tout fanmi k ap travay yo, epi pwoteje dwa travayè yo pou òganize ak genyen yon vwa nan travay san menas vanjans. Nou apresye tou moun ki ap sipòte pwojè lwa sa yo pou tout travay pa yo, ansanm ak tout Sena ak Asanble Eta a pou angajman yo genyen nan efò enpòtan sa a."

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)